**दिन–सोमवार** **दिनांक–15.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक नवनियुक्त कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन आइ अपन कार्यभार सम्हारि लेलनि। एहि अवसर पर पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी.नड्डा आ केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह उपस्थित छलाह। श्री नड्डा कार्यकारी अध्यक्षक स्वागत कऽ हुनका अध्यक्षक कुर्सी पर बैसौलनि। एकर बाद श्री नबीन डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी आ पंडित दीनदयाल उपाध्याय के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एहि सँ पहिने नव दिल्ली पार्टी मुख्यालय पहुचबा पर वरिष्ठ नेता आ कार्यकर्ता लोकनि नितिन नबीन के भव्य स्वागत कयलनि। एहि सँ पहिने नव दिल्ली जयबा सँ पहिने मीडिया सँ गपशप मे नितिन नबीन कहलनि जे हुनका जे जिम्मेदारी देल गेल अछि ओकर ओ निष्ठापूर्वक निर्वहन करताह। नितिन नबीन बिहार सँ भाजपाक पहिल नेता छथि जिनका ई जिम्मेदारी सौंपल गेल अछि। पैंतालीस वर्षक आयूक श्री नबीन पार्टीक इतिहास मे सभ सँ कम उमेरिक कार्यकारी अध्यक्ष छथि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, प्रदेशक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ कतेको गणमान्य वरिष्ठ नेता लोकनि नितिन नबीन के राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष बनबा पर बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

---

भारतीय जनता पार्टी संजय सरावगी के पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष नियुक्त कयलक अछि। ओ दिलीप जायसवालक स्थान लेताह। श्री सरावगी दरभंगा विधानसभा क्षेत्र सँ विधायक छथि। ओ अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद सँ छात्र राजनीतिक आरंभ कयने छलाह। प्रदेश अध्यक्ष नियुक्त होयबाक बाद संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री सरावगी कहलनि जे पार्टी हुनका जे जिम्मेदारी सौंपलक अछि ओहि के ओ पूरा करबाक पूर्ण प्रयास करताह। संजय सरावगी के प्रदेश अध्यक्ष नियुक्त होयबा पर पार्टीक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। पार्टीक निवर्तमान प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल, उपमुख्मयंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित पार्टीक वरिष्ठ नेता लोकनि श्री सरावगी के नव जिम्मेवारी भेटबा पर बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ एक हजार दू सय तिरासी आयुष चिकित्सक सभ के नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। एहि मे आयुर्वेदिक, होम्यिोपैथिक आ यूनानी चिकित्सक सम्मिलित छथि। मुख्यमंत्री सचिवालयक संवाद सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ जलसंसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी आ स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय सेहो उपस्थित छलाह।

---

राजस्व आ भूमि सुधार विभाग परिमार्जन प्लस पोर्टल पर प्राप्त आवेदनक निष्पादनक लेल समय–सीमा तय कऽ देलक अछि। उपमुख्यमंत्री सह विभागीय मंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे भिन्न–भिन्न त्रुटि सभ मे सुधारक लेल पंद्रह सँ पच्चहत्तरि दिनक समय–सीमा निर्धारित कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे डिजिटलीकरणक क्रम मे किछु जमाबंदी सभ मे रैयतक नाम, पिताक नाम, खाता–खेसरा आ रकबा–लगान मे त्रुटि सभ सोझा आयल अछि। एहि सभ मे सुधारक लेल परिमार्जन प्लस पोर्टल विकसित कयल गेल। श्री सिन्हा कहलनि जे एखन धरि साढ़े चारि करोड़ जमाबंदी के ऑनलाईन कयल गेल अछि।

---

कृतज्ञ राष्ट्र आइ लौह पुरूष सरदार वल्लभभाई पटेल के हुनक पुण्यतिथि पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कयलक। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे कहलनि जे सरदार पटेल के व्यक्तित्व आ हुनक कार्य देशक एकता अ अखंडता आओर विकसित भारतक संकल्प के प्राप्त करबा मे देशवासी सभक लेल प्रेरणाक स्रोत बनल रहत। एहि अवसर पर पटनाक चितकोहरा स्थित पटेल चौक पर राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। समारोह मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ भाजपाक नवनियुक्त कार्यकारी अध्यक्ष नितिन नबीन सहित आन गणमान्य लोकनि सरदार पटेल के प्रतिमा पर श्रद्धांजलि अर्पित कऽ हुनका नमन कयलनि।

---

सिखक दसम गुरु, गुरु गोविन्द सिंह जी महाराज के तीन सय उनसठिम प्रकाश पर्व पर आइ सँ पटना मे एगारह दिनक प्रभात फेरी आरंभ भेल। पच्चीस दिसंबर कऽ पैघ प्रभात फेरीक संग एकर समापन होयत।

---

पछवा हवाक गति मे कमी अयबा सँ अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे वृद्धि दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान लगभग दस डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग भागलपुरक सबौर राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल।

---

समाप्त